Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 7 (6468) 1 февраль 2016 с. Итни РабигIул ахир 1437 с. Багъа 5 гъур.

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## ЗакагIат-сахI, магъало – пачалихъалъул аслу

Райадминистрациялъул коллегиялъул данделъи

**28 январалда тIобитIана райадминистрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас, росабазул поселениязул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез, районазда гьоркьосеб Болъихъ № 12 налоговияб инспекциялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад МухIамадовас.**

Данделъи рагьана райадминистрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.** Гьоркьоб лъуна Гумбет районалда 2015 соналъ налогал ракIариялъул рахъалъ ккарал хIасилазул хIакъалъулъ суал. Гьеб сулалда тIасан доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовас**. Гьес бицана налогазул батIибатIиял тайпабазул планал районалда хIисабалде босаралдаса гIемерго цIикIкIун тIуранилан. 96 проценталъ тIубан бугин физическиял лицабаздаса подоходнияб налог бакIариялъул план, гьеб 100 проценталде бахинчIолъиялъе гIила 2015 соналъ хIалтIухъ мухь дагьгьабиялъул хIасил кколин.КIалъазе вахъарав райадминистрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаевас** тIадчIей гьабуна балъгояб даран-базар тIатинабиялъул, ракьалъул бетIергьанлъи чIезабиялъе документал гьариялъул бугеб хIалалда. Налогал кьечIого балъго хIалтIулел тIатинариялъе гьабураб хIалтIул бицунаго, абуна республикаялъул районазда гьоркьоб гьеб рахъалъ Гумбет церетIуразул кьерда бугилан.

Пенсиялъул фондалде страховиял взносал рехиялъул бугеб хIалалъул бицана ПФРалъул Гумбет отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас, жиде-жидер росабалъ налогал ракIариялъулъ ккарал хIасилазда тIадчIей гьабуна Аргъвани росдал бегавул **Сайпилав МухIамадовас,** ЧIиркъатIа росдал бегавул **ХIадисхIажи МухIамадовас.**

Данделъиялда кIалъана районазда гьоркьосеб Болъихъ № 12 налоговияб инспекциялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад МухIамадов, районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев. Росабазул жалго бетIергьанаб доход цIикIкIиналъе квербакъи гьабулеб буголъиялдаса налог, ракьул налог жиндир заманалда бакIариялде щибаб администрациялъул бетIерас, заместителас, бухгалтерас кIвар кьезе ккеялда, балъгояб даран-базар гьабулел тIатинариялъе хадубккунги хIалтIи гIуцIиялъе, ракьазул бетIергьанлъиялъе документал гьари хехлъизабиялъе тадбирал гьаризе ккеялда тIадчIей гьабуна жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерас.

Ахиралда къабул гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун гIатIидаб хIукмуги.



* * *

Райадминистрациялъул заседаниялдаса хадуб районалъул сахлъицIуниялъул цолъиялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас** гIатIидго бицана бахунеб унти - гриппалдаса цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразул, сахлъи цIуниялъул учреждениязда гриппалъул эпидемиялда данде къеркьеялъе гьабун бугеб хIадурлъиялъул. Гьаруна гIемерал малъа-хъваял, рехсана прививкаби гьариялдаса инкар гьабулел улбул дандчIвалел ругилан.

**Къурмагъиз ХIадисова**

АНТИТЕРРОР

## Питна борчIизабурасе - нагIана

Терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**28 январалда Гумбет районалда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи. Гьенир профилактикияб учеталдаса рахъизе рихьизаруна экстремизмалъул идеологиялъул асаралдаса эркенлъарал щугоял.**

Данделъиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, терроризмалде дандечIараб комиссиялъул председатель **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** гьесул заместителал **ХIайбула ГIабдурахIманов, РурухIма Халидов, АхIмад Сулайманов,** гIадлу-низам цIуниялъул органазул нухмалъулел ва хIалтIухъаби, районалъул прокурор, Россиялъул Федерациялъул ФСБялъул вакилзаби, районалъул имам, росабазул поселениязул нухмалъулел, жамгIиял хIаракатчагIи ва цогидалги.

Данделъи бачана районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Гьоркьоб лъун дандбана «Гумбет районалъул ракьалда экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул асаралда гьоркье ккаралльун рикIкIун,

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гриппалъул гьужумалда дандечIей

-2 гьум.



Россиялъул Пенсиязул фондалъул Гумбет районалъул хIалтIухъабазе – шапакъатал

-2 гьум.



Кьижун батараб яхI борчIизабизе буго

-3 гьум.




«Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

-3 гьум.

ТIИБ

# Гриппалъул гьужумалда дандечIей

Райадминистрациялда -«гургинаб стол»

**Ахираб заманалда газетазда гIемер хъвалеб, телевизоралдасан бихьизабулеб, бицунеб буго грипп тIибитIулеб букIиналъул, исана баккараб гьелъул тайпа захIматаб букIиналъул хIакъалъулъ. Россиялъул цо-цо регионазда шагьараздагун росабалъ школазда цIалдохъаби каникулал кьун рокъор тун, лъималазул ахал къазе ккун руго гьеб унти тIибитIичIого, цоцазде бахинчIого букIинелъун. Гриппалдаса цIуниялъе жиндир заманалда тадбирал Гумбет районалда гьарулел рукIин загьирлъана гьаб соналъул 25 январалда райадминистрациялда тIобитIараб «гургинаб столалда».**

ГIахьаллъана данделъиялда сахлъи цIуниялъул суалал тIаде кколев райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов,** райбольницаялъул врач - терапевт **Камил Расулов**, районалъул врач - педиатр **Марьям Жанахъаева**, «Гумбет» газеталъул хIалтIухъаби.

«Гургинаб стол» рагьана ХIайбула ГIабдурахIмановас. «Жакъасеб «гургинаб стол» данделъараб буго грипп ва ОРВИ унтаби тIиритIулел рукIин, исанасеб гриппалъул вирус жинда данде къеркьей гьабизе захIматаблъун специалистаз бихьизабун букIин хIисабалдеги босун, районалъул гIадамазул сахлъи цIуни мурадалда цереккун гьарурал ва гьаризесел хIалтIаби дандрай, гьединго щивав чиясда живго ва жиндирго хъизан – лъимал гриппалдаса, ОРВИялдаса цIуниялъе щиб гьабизе ккелебали бичIчIинаби мурадалда» - ян абуна ГIабдурахIмановас.

Гьес кьурал гIемерал суалазе жавабал кьолаго Камил Расуловасги Марьям Жанахъаевалъги бицана грипп ва ОРВИ унтабазул хаслъабазул, Дагъистаналда, Гумбеталда бугеб хIал, гьаруна чIахIиязеги гIисиназеги малъа-хъваял. Абуна районалда гриппалъ чи унтиялъул гьанжелъизегIан жидеда лъазабураб хIужа ккечIин, гIицIго цогидал унтабаз унтиялъул хIасилалда ункъго лъимералъул цIа-кан бахиналъул хIакъалъулъ лъазаби бачIанин.

Къокъго хъвазин врачаз данделъиялда рицарал, щивасда лъазе тIадал, тIуразе кколел малъа-хъваял. Дагьабниги цIа-кан бахараб, унтун бугеб лъимер ясли-ахикье, школалде битIуге, гIадамал гIемерал бакIазде чIахIиялги унге лъималги рачунге. Рокъор чIа, хех врач ахIе, цIа-кан гIодобе ккезеян нужго лъикIал лъугьун дараби гьекъоге, хасго аспирин бегьулареблъун бихьизабун буго. Медицинаялъулаб маска ххун рукIа рокъор хъизаналъул членазда гьоркьор. Нужецаго нужго сах гьаризеян лъугьунге, врачги ахIун, гьес малъарал дараби гьарун руголи, сахлъи хехго тIадбуссуна, захIматаб ахIвал-хIалалде ккеялдаса цIунула. Грипп заманалда сах гьабичIони, цIидасанги тIадбуссуна. Аслияблъун ккола хасго 65 соналдаса тIадехун аразда, лъималазда прививкаби гьари. Гьеб гьабизе медсестра аскIое ячIиндал нахъчIваге. Прививкаби хасел бачIинелдего гьарула, гьел гьарурал унтуларо, нагагь унтаниги бигьаго уна. Рехсана 2098 цIалдохъанасда, 652 гьитIинаб лъимералда араб соналъул октябралдаго прививкаби гьарунилан. ЧIахIиязеги гьарун руго гьел.

ХIайбула ГIабдурахIмановас врачазе суал кьуна нагагь грипп ва ОРВИ баккани кинаб хIадурлъи сахлъи цIуниялъул учреждениязда гьабун бугебан, гьел тIиритIунгутIиялъе кинал профилактикиял хIалтIаби гьарулел ругелан. Расуловас ва Жанахъаевалъ абуна гриппалдаса ва ОРВИялдаса цIуниялъе тадбирал гьариялде гIадамал ахIулел, гьел унтабазул гIаламатал хъварал хасал тIамчал гьезда рихьулел бакIазда седон ругин, хадурги седезе ругин. План бахъун буго гьабизесеб хIалтIул. Гьоркьор лъуна рахунел унтабаздаса цIуниялъул суалал коллективалъул данделъабазда. ГIадамалгун дандчIвалел, рукъзабахъе обходал гьарулел руго. Лъималазул ахакье, школазде унтарал лъимал риччагеян лъазабун буго. ЗахIматаб хIалалде ккарал нагагь больницабазда регизаризе ккани, тIадеги койкабазул къадар цIикIкIинабизе рес буго.

«Щивав чиясда тIадаб буго жиндирго сахлъи цIунизе. Прививкаби гьаризе риччангутIиги мекъаб иш буго, рахунел унтабаздаса нилъер лъимал цIунизе гьарулел прививкабаздаса инкар гьабулел умумул рукIине бегьуларо. Районалда гриппалъул эпидемия баккиялдаса цIунаги Аллагьас» - ян абуна ахиралда ХIайбула ГIабдурахIмановас.

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ФГОСалъул тIалабал

Школазул директоразул цIалулгун тарбия кьеялъул хIалтIул рахъалъ заместителазул семинар

**21 январалда МелъелтIа Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб аслияб школалда тIобитIана районалъул школазул директоразул цIалулгун тарбия-кьеялъул хIалтIул рахъалъ заместителазул семинар. Гьеб байбихьилелде гьез гIахьаллъи гьабуна 5-6 классазул дарсазда.**

Семинаралда гьоркьоб лъуна кIиго суал: араб соналъул 31 ноябралдаса 6 декабралде щвезегIан районалда тIоритIарал олимпиадазул хIакъалъулъ ва щуабилеб классазул цIалдохъабазда гьоркьоб федералияб пачалихъияб лъайкьеялъул стандартал (ФГОС) тIиритIизари. ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул нухмалъулев **Зайид ХIусенов,** кIиабилеб сулалда тIасан - Игьали гьоркьохъеб школалъул директорасул цIалулгун тарбия-кьеялъул хIалтIул рахъалъ заместитель **МуртазагIали ХIажимурадов.** Хадур кIалъазе рахъарал киналго школазул заместителаз бицана ФГОСалъул тIалабал гIумруялде рахъинариялда хурхун школалда жидецаго гьабулеб хIалтIул ва дандчIвалел захIмалъабазул.

Семинар ана хадубккунги гьез гьабулеб хIалтIуе пайдаяб ахIвал-хIалалда.

**ГIайшат Исламбиева**

БАРКУЛА

# Россиялъул Пенсиязул фондалъул Гумбет районалъул хIалтIухъабазе – шапакъатал

26 январалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас** къабул гьаруна районалъул пенсиялъул фондалъул отделалъул хIалтIухъаби ва гьезие кьуна шапакъатал.



ГIемер соназул ва ракIбацIцIадаб хIалтIи пенсионнияб хьезариялъул системаялда гIуцIиялъе гIоло районалъул бетIерасул рахъалдасан хIурматалъул грамотаби кьуна ОПФРалъул хIалтIухъаби **Зубайр ГIабидовасе, Кайпазат Ислахановалъе, Сидрат Зугьайровалъе.** Дагъистан Республикаялъул пенсиялъул фондалъул грамотаби кьуна **ХIабсат СагIадулаевалъе** ва **Бика МухIамадовалъе.**

Районалъул пенсиялъул фондалъул отделалъул нухмалъулев **ТIалхIат Жамалудиновасе** щвана «Россиялъул Федерациялъул пенсиялъул фондалъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб каранда балеб гIаламат.

Баркула районалъул пенсиялъул фондалъул хIалтIухъабазда шапакъатал. Хадурккунги хIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи, икъбалталихI ва жеги тIадегIанал шапакъатал щвагиян гьарула.

**«Гумбет» РИО**

# Рахунел унтабазда цебе – сангар

Санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**22 январалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда цебе гIуцIараб санитариябгун рахунел унтабазде дандечIараб комиссиялъул тIоцебесеб заседание тIобитIана. Гьеб рагьана ва бачана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель, комиссиялъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Заседаниялда гьоркьор лъуна:

2016 соналъе санитариябгун рахунел унтабазде дандечIараб комиссиялъул планалъул хIакъалъулъ.

2015 соналда районалда рахунел унтабаздаса цIуниялъул букIараб хIал ва гьездаса цIуниялъе гьаризесел тадбирал.

Районалда грипп ва ОРВИ унтаби тIиритIичIого рукIиналъе гьаризесел профилактикиял тадбирал.

ТIоцебесеб суалалда хурхун гIенеккана комиссиялъул председатель ХIайбула ГIабдурахIмановасул информациялъухъ. Гьес лъай-хъвай гьабуна 2016 соналъе санитариябгун профилактикияб комиссиялъул хIалтIул планалъулгун.

КIиабилеб суалалда хурхун информация гьабуна врач - фтизиатр **Халисат ГIалиевалъ.** Гьелъ абуна цересел сназде дандеккун араб соналда районалда рахунел унтабаз унтаразул къадар дагьлъанилан.

Лъабабилеб суалалда хурхун кIалъана врач – фтизиатр Халисат ГIалиева, районалъул педиатр **Марьям Жанахъаева,** райбольницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадов**. Гьез жидерго кIалъаязда бихьизабуна районалда ОРВИялъ унтарал ругониги, гьабсагIат гриппалъ унтарал гьечIин. Гьелъие гIиллалъунги ккола чIахIиял гIадамазда, лъималазда гриппалде данде прививкаби гьарун рукIин. Жидерго кIалъаялда комиссиялъул председатель ХIайбула ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе ккеялда школазде, ясли-ахазде ине ккеялда.

Заседаниялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун къабул гьабуна хIукмуги.

**ГIайшат Исламбиева**

# Питна борчIизабурасе - нагIана

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул учеталда ругел гражданал учеталдаса рахъизе рихьизариялъул суал терроризмалде дандечIараб комиссиялда гьоркьоб лъезе кIиабилеб нухалдаги босиялъул хIакъалъулъ».

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун кIалъазе вахъана Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул райотделалъул участковиял уполномоченниязул отделалъул нухмалъулев **УхIумагIали Загьидов**, «сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель **Сулейман Сулейманов,** «сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул нухмалъулев **Камил Шапиев**, Игьали росулъ вугев полициялъул участковияв уполномоченный **Бартихан Бартиханов,** Гумбет районалъул имамзабазул советалъул нухмалъулев **ГIабдулагь-хIажи Закарикаев,** районалъул прокурор **МухIамад МухIамадов,** Россиялъул УФСБялъул Болъихъ бугеб отделалъул кIудияв оперуполномоченный **ХIажи Сулайманов** ва цогидалги.

Полициялъул профилактикияб учеталдаса рахъизе рихьизаруна **МухIамад НурмухIамадов, Шамил МухIамадов, АхIмад МухIамадов, Ибрагьим МухIамадов, Хъазанби ГIабдулбасиров.**

Гьел битIараб нухдасан ине рукIиналде божилъи гьабурал кIалъаял гьаруна участковиял уполномоченнияз, росабазул бегавулзабаз, имамас, жамгIиял хIаракатчагIаз. Учеталдаса рахъизе рихьизарурал гражданаз баркала загьир гьабуна жидеде гьабураб божилъиялъухъ ва рагIи кьуна хадурккун профилактикияб учеталде росулареб хIалалда лъикIаб хьвада-чIвадиялда рукIине ругилан.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА…

## Кьижун батараб яхI борчIизабизе буго

Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул
сиясаталъул рахъккун

**Ассалам гIалайкум, районалъул жамагIат. Баркула нужеда цIияб сон. Батаги гьеб талихIаблъун, нилъер ракIазул иман щулалъулеблъун, къварилъи-балагьаздаса цIунараблъун, гIадамазе хъулухъалъе ругел гIадамазул яхI-намус цIикIкIараблъун. Араб сонги, цересел соналги бакълъулазе квешал рукIинчIо, районалда хIаладаса арал ришватчагIиги гьечIо, гIисибикъиналъул нилъеца бицинчIониги бегьила.**

Дагъистаналъул цогидал районаздаго гIадин, Гумбет районалдаги хIалтIизе лъугьана жамгIиял гIуцIаби. Гьезул киназулго аслияб мурад букIине ккола гIадамазе бажараб кумек гьаби.

Районалда руго гIемерал хIалтIухъаби, жидеца халкъалъе хъулухъ ва кумек гьабизе кколел. Гьез гьеб гIей бугеб хIалалда гьабулеб гьечIо, гьезул хIалтIи гIадамазе гIун букIарабани, жамгIиял гIуцIаби ракиларoан. ЖамгIиял гIуцIабазда гIемерисел руго патриотал, гьезие гьечIо хIалтIухъ мухь. Гьедин бугониги гIемерисез хIалтIи ракIбацIцIад гьабулеб буго. ХIалтIи лъикI гIуцIаниги щиб, гIадамаз гьезда лъечIеб цIарги толаро, гьел рокьизеги рокьуларо. Гумбеталда хIалтIизе лъугьана «Дагъистаналъул бетIерасул нухалъул (курс) рахъ кквеялъул жамгIияб гIуцIи», гьелде кьокьго абула «Поддержка курса главы РД» ДРОО. Гьединго районалда вуго «Халкъияб фронт» кьокьго (ОНФ), жамгIияб багъа-бачариялъул активист – эксперт. Гьел жамгIиял гIуцIабазул мурад буго лъикIалщинал ишал гьари. Районалда тIасан кIанцIарал ишал кколел ругони, гьеб гьабулезда бичIчIине ккола жидеда хадуб жамгIиял хIаракатчагIазул хьаравуллъи букIин.

ГIицIго районалда гуребги республикаялдаги дандчIвалел руго гIемерал мекъал ишал, гьел руго гали бахъа-бахъаралъур, масала, больницабазда, институтазда, техникумазда, рагъулал комиссариатазда, росдал магIишаталъул министерстволда ва цогидал бакIазда. ГIадамал мискинлъанагIан, гьел хьантIулел руго, нилъехъа бахъулеб гIарцул къадар цIикIкIинабулеб буго, гIадамал руцIун чIанагIан гьез нахъегIанал ишал гьарулел руго. Цониги чи гьезда данде вахъани, гьел хIинкъула, нилъее лъикIаб бицине лъугьуна, гьезда лъала нилъ цолъани, гьезул иш лъикI букIунареблъи. Ришватчилъи цIикIкIарал бакIазда гIуцIулел руго жамгIиял гIуцIаби, гьезул бутIрулги аслиял ришватчагIи ратулел руго, бетIер сверулеб хIал лъугьун буго.

Районалда ругел киналго ООялги данделъун, къваригIун буго иш киназего лъикIлъи букIунеб рахъалдехун сверизабизе. Лъида кIалъаниги, гIадамазул божилъи хун буго, гьеб хисизабизе тIаделъулеб буго Дагъистаналъул бетIерасул нухалъул рахъ кквеялъул жамгIияб гIуцIи. Нилъер республикаялъул бетIер Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповасги рахъ ккола нижер ва бажараб кумек гьабилин абун буго, гьабулебги буго. Цого-цо къваригIараб буго гьаб нижеца гьабулеб ишалъулъ гIадамалги гIахьаллъизе, гьаб нилъеего гIоло гьабулеб бугеб хIалтIилъидал. ЖигарчагIиги хIаракатчагIиги гьечIони агъаз гьечIеб бербалагьиги гьабуни, нилъер къисмат дагьабги квешаб хIалалде ккезе буго. Суал бачIунеб буго, нилъерго иш рукIалиде ккезе бокьани, дунги цогидалги рахъун гурищ гьеб гьабизе кколеб, нилъер цолъи щулалъанагIан, бигьа букIине буго. ХIукуматалъ чIезарун руго гIемерал бигьалъаби, гIадамазе данде кколел законал. Амма Дагъистаналда гьел нилъее щвезе рихьизарурал бигьалъаби лъазе толел гьечIо, лъазе таниги нилъее баянал кьолел, бичIчIинабулеб гьечIо. Нилъее нилъерго бигьалъаби ричулел руго, нилъехъа гIарацги бахьун, дагъистанияз дагьабниги кIудияб хъулухъалде рахаралго. Гьезда кколеб буго жал батIияб планетаялдаса гIадамалин. Гьелги нилъеда гьоркьор гIун рукIана, щай гьел гьедин лъугьунел. Жаваб буго цо-кибго буго бетIерлъи гьабулеб гIарацалъ, адаб, ургъел гьечIолъиялъ. ДРООялда ракIалда буго жидер яхI-намус тIагIарал гьел гIадамазда жалго щал кколел, гьединал гIадамаз нилъеда тIад щай кверщел гьабулеб абун абизе, гьел нилъер цолъиялъукьа хIинкъула. Нилъин абуни цолъизе мех щун буго, ритIухъльи батизегIан дидагоги ракIалда буго цевехун ине, кивегIан щвелевали Аллагьасда лъала.

Жидер рекIелъ дагьабниги патриотизмалъул асар хутIарал руччаби ва бихьинал дица ахIулел руго лъикьаго хIинкъичIого ДРООялда гIахьаллъи гьабизе. Районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасги рахъ ккола нижер хIалтIул. Бухьен ккезе бегьула телефоназул гьал номераздасан: 89034984576 ва 89288703077

**Сайпудин АхIмадов,
Дагъистаналъул бетIерасул политикаялъул рахъкколезул гIуцIиялъул Гумбеталда бугеб идараялъул нухмалъулев**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Тарихалъул олимпиада

**Гьаб соналъул 23 январалда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана Дагъистаналъул тарихалъул предметалъул олимпиада. Гьелда гIахьаллъана районалъул 17 школалдаса 37 цIалдохъан. Олимпиада тIобитIана 8 – 11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб.**

8 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Саида УхIумаевалъ – Кунзахъ ООШ, кIиабилеб бакI МухIамад ХIамзатовас – Гьоркь Инхо СОШ, лъабабилеб бакI Расул МуртазагIалиевас - Гьарадирихъ СОШ.

9 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI цонигиясе щвечIо. КIиабилеб бакI щвана Мавлидин Багьавудиновасе – МелъелтIа ООШ, лъабабилеб бакI Самера Базаргановалъе – Гьарадирихъ СОШ.

10 классазул цIалдохъабазда гьоркьобги тIоцебесеб бакIалъе цонигияв мустахIикълъичIо. кIиабилеб бакI МухIамад ГIусманхIажиевас - ЦIиликь СОШ, лъабабилеб бакI Марият ХIамзатовалъ – Гьоркь Инхо СОШ босана.

11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Касират Базарганова – Гьарадирихъ СОШ, кIиабилеб бакIалъе ШагIбан СайгидхIусенов - Гьоркь Инхо СОШ, лъабабилеб бакI Аминат Багьавудиновалъ – Данухъ СОШ.

Олимпиадаялда бергьарал цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабизе буго 5 марталда республикаялда тIобитIизе бугеб Дагъистаналъул тарихалъул олимпиадаялда.

**ГIайшат Исламбиева**

## «Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

2016 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие районалъул росабалъ «Гумбет» газеталъе подписка гьабиялъул баянал (почалъул отделениялдасан)

| Росабазул цIарал | 2015 сон | 2016 сон |
|---|---|---|
| МелъелтIа | 203 | 269 |
| Аргъвани | 204 | 152 |
| Гьарадирихъ | 63 | 103 |
| Игьали | 49 | 108 |
| ЧIиркъатIа | 110 | 114 |
| Гьоркь Инхо | 64 | 42 |
| Килалъ | 35 | 24 |
| ТIад Инхо | 55 | 48 |
| ЧIикь | 20 | 18 |
| ЛъаратIа | 38 | 51 |
| Ингишо | 21 | 34 |
| Щабдухъ | 17 | 32 |
| Данухъ | 66 | 59 |
| ЦIиликь | 59 | 28 |
| | 1102 | 1082 |

2016 соналъе «Гумбет» газета хьвай районалъул дагьалго росабалъ хутIизегIан гIуцIа-къан анин абизе бегьула. Почалъул отделениялдасан хьван буго 1082 районалъул газета бащдаб лъагIалие. 2015 соналъул бащдаб лъагIалие хьвараллдаса 20 экземпляралъ дагь буго гьеб. Гьоркь Инхо почалъул отделениялъе нухмалъулей ПатIимат ГIумаровалъ абуна тIадеги газетал хьвазелъун почалъул отделениялдасан гIарац рехун бугин ва газеталъул тираж цIикIкIиналъе жидер отделениялъ хIалтIи гьабулеб бугин.

Районалъул хьвай лъикI ана МелъелтIа, Гьарадирихъ, Игьали, ЧIиркъатIа почалъул отделениязда (отделениязе нухмалъулел АлхIанат МухIамадова, МухIамад Шапиев, Раисат Эфендиева, Тамара….). Араб соналдаса цIикIкIун «Гумбет» газета хьван буго ЛъаратIа, Ингишо, Щабдухъ росабалъ. Гьеб ккола рехсарал росабазул почтальоназул жигараб хIалтIул хIасил.

ЛъикIаб букIинаан гьединаздасан мисал босун, подписка лъикI тIобитIичIел росабазул почтальоналги хIалтIани.

**Къурмагьиз ХIадисова**

2016 соналъе «Гумбет» газеталъе районалъул учреждениияз, гIуцIабаз подписка гьабиялъул баянал

| Учрежденияя, гIуцIаби | Почал-дасан | Редакциял-дасан | Кинаб-ниги |
|---|---|---|---|
| Райадминистрация | 9 | 9 | 18 |
| Районалъул маданияб центр | | 27 | 27 |
| Централияб библиотека | 4 | 7 | 11 |
| «Гумбетовское» ДЭП № 10 | | 15 | 15 |
| Прокуратура | | 6 | 6 |
| ДДТ | | 1 | 1 |
| Миграционнияб хъулухъ | | 1 | 1 |
| Судалъул приставал | | 2 | 2 |
| Пожарнияб часть | | 5 | 5 |
| Финансазул отдел | | 7 | 7 |
| ОГИБДД | | 3 | 3 |
| ГIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул отдел | | 20 | 20 |
| Районалъул поликлиника | 6 | | 6 |
| ОПФР | 11 | | 11 |
| МелъелтIа почалъул отделение | 3 | | 3 |
| МелъелтIа гьоркьохъеб школа | 9 | | 9 |
| МелъелтIа аслияб школа | 18 | | 18 |
| Лъималазул ах «Бакъ» | 10 | 10 | 20 |
| ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул центр | 1 | 11 | 12 |
| ОМВД | 100 | | 100 |
| Территориалияб рищиязул комиссия | 1 | | 1 |
| Росдал магIишаталъул отдел | | 4 | 4 |
| Лъайкьеялъул отдел | | 10 | 10 |
| Ветуправление | | 8 | 8 |
| Налоговияб инспекция | | 3 | 3 |
| «Гумбет» редакция | 1 | 11 | 12 |
| БакIалъулаб телевидение | | 6 | 6 |
| МФЦ | | 10 | 10 |
| Суд | | 7 | 7 |

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

# Бюджеты сельских поселений на 2016 год

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Цилитлинский”»

**от 31 декабря 2015 г.** **Решение** **№ 04**

Сессия Собрания депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет “Цилитлинский”» на 2016 год

по доходам – 2234,0 тыс. руб.;

по расходам 2234,0 тыс. руб.

**Доходы:**

Дотация – 1942,0 тыс. руб.

Собственные доходы - 219,0 тыс. руб. в том числе:

Налог на доходы физических лиц - 20,0 тыс. руб.

Налог на имущество физических лиц – 37,0 тыс. руб.

Земельный налог – 160,0 тыс. руб.

Единый сельхозналог - 2,0 тыс. руб.

Субвенция – 73,0 тыс. руб. из них:

**Всего доходов - 2234,0 тыс. руб.**

**Расходы:**

Аппарат управления – 1091,0 тыс. руб.

Культура - 560,0 тыс. руб.

ВУС – 67,0 тыс. руб.

ЖКХ – 111,0 тыс. руб.

Молодежная политика – 8,0 тыс. руб.

ФК и спорт – 15,0 тыс. руб.

Бухгалтерия - 407,0 тыс. руб.

Загс – 6,0 тыс. руб.

**Всего расходов – 2234,0 тыс. руб.**

**Председатель Собрания депутатов**
**М. Х. Абулгасанов**

## Собрание депутатов сельского поселения «село Читль»

**от 31 декабря 2015 г.** **Решение** **№ 09**

Сессия Собрания депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «село Читль» на 2016 год

по доходам – 1430,0 тыс. руб.;

по расходам 1430,0 тыс. руб.

**Доходы:**

Дотация – 1337,0 тыс. руб.

Собственные доходы - 33,0 тыс. руб.

Субвенция – 60,0 тыс. руб.

**Всего доходов - 1430,0 тыс. руб.**

**Расходы:**

Аппарат управления – 799,4 тыс. руб.

Бухгалтерия – 169,0 тыс. руб.

Культура - 234,5 тыс. руб.

ЖКХ – 110,1 тыс. руб.

ФК и спорт – 14,0 тыс. руб.

Молодежная политика – 7,0 тыс. руб.

ВУС – 59,0 тыс. руб.

Загс – 1,0 тыс. руб.

Пенсионное обеспечение - 36,0 тыс. руб.

**Всего расходов – 1430,0 тыс. руб.**

**Председатель Собрания депутатов**
**А. М. Алиев**

## 2016 соналъе «Гумбет» газеталъе районалъул учреждениияз, гIуцIабаз подписка гьабиялъул баянал

**(Байбихьи- лъабабилеб гьум.)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Казначейство | | 8 | 8 |
| ГIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул отдел | | 11 | 11 |
| ЦIиликь школа | | 20 | 20 |
| ЦIаналъ школа | | 20 | 20 |

Райцентралда ругел учрежденияз ва гIуцIабаз «Гумбет» газета хъвай кин арабали загьирлъула тIадехун ругел баяназдасан. Газетал гIицIго почалъул отделениялдасан гурелги хъвала редакциялдасанги. Киналгоязде гIагарун учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаз хъван буго райгазета. Редакциялдасан 270 ва почалдасан 156 «Гумбет» газета бачIуна гьезие. Щибаб соналъ райгазета хъваялъулъ хIаракатчилъи бихьизабула районалъул администрациялъул, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул, Россиялъул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул, централияб библиотекаялъул, прокуратураялъул, казначействоялъул, финансазул отделалъул, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул, пенсионнияб фондалъул райотделалъул, лъайкьеялъул отделалъул, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул, МелъелтIа аслияб школалъул, райветуправлениялъул, налоговияб инспекциялъул, райадминистрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул, ОГИБДДялъул, МФЦялъул, судалъул, ЦIиликь гьоркьохъеб, ЦIаналъ аслияб школазул, «Гумбетовское» ДЭП - № 10 ОАОялъул ва цогидалги идарабазул хIалтIухъабаз. Гьаб соналъе райгазета хъвай гIуцIакьан тIобитIизе жигар бахъана почалдасанги редакциялдасанги анцI-анцI газетаги хъван МелъелтIа «Бакъ» яслиахалъул хIалтIухъабаз. ИсаналъизегIан гьеб рахъ рехсараб коллективалъ лъикI гIуцIулароан.

Редакциялъул коллективалъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала буго газеталъе подписка гьабурал киназего.

**Къурмагъиз ХIадисова**

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

**от 31 декабря 2015 г.** **Решение** **№ 9**

Сессия Собрания депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет “Цунди-Шабдухский”» на 2016 год

по доходам – 1526,0 тыс. руб.; по расходам 1526,0 тыс. руб.

**Доходы:**

Собственные доходы - 102,0 тыс. руб. в том числе:

Налог на доходы физических лиц - 12,0 тыс. руб.

Налог на имущество физических лиц – 15,0 тыс. руб.

Земельный налог – 68,0 тыс. руб.

Сельхозналог - 7,0 тыс. руб.

Безвозмездные поступления,– 1424,0 тыс. руб. в том числе:

Дотация 1355,0 тыс. руб.

Субвенция – 69,0 тыс. руб. из них:

Загс – 2,0 тыс. руб.

ВУС – 67,0 тыс. руб.

**Всего доходов - 1526,0 тыс. руб.**

**Расходы:**

Администрация – 807,0 тыс. руб.

Культура - 489,0 тыс. руб.

Бухгалтерия - 109,4 тыс. руб.

Благоустройство – 51,6 тыс. руб.

ВУС – 67,0

Загс – 2,0 тыс. руб.

**Всего расходов – 1526,0 тыс. руб.**

**Председатель Собрания депутатов**
**А. Н. Набигулаев**

### ГЪАЛАТI БИТIИЗАБИ

2016 соналъул 25 январалда къватIибе араб «Гумбет» газеталда бахъун букIана росабазул бюджетал. «сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул депутатазул Собраниялъул хIукмуялда гъалатI ун буго. ГьединлъидаЛ цIидасан бахъулеб буго мухIканаб бюджет.

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Мехельтинский”»

**от 31 декабря 2015 года** **Решение:** **№15**

Сессия Собрания депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет “ Мехельтинский ”» на 2016 год по доходам – 5300,0 тыс. руб. по расходам – 5300,0 тыс. руб.

**Доходы:**

Дотация – 3958,0 тыс. руб.

Собственные доходы – 1209,0 тыс. руб. в том числе:

Налог на доходы физических лиц - 669,0 тыс. руб.

Налог на имущество физических лиц – 75,0 тыс. руб.

ЕСХН – 9,0 тыс. руб.

Земельный налог - 45,0

Субвенция – 133,0 тыс. руб. в том числе:

**Всего доходов – 5300,0 тыс. руб.**

**Расходы:**

Аппарат управления – 2817,0 тыс. руб.

МКУК – 690,0 тыс. руб.

ВУС – 133,0 тыс. руб.

Молодежная политика –21,0 тыс. руб.

ЖКХ (благоустройство) – 1526,0 тыс. руб.

ФК и спорт – 31,0 тыс. руб.

Пенсионное обеспечение 82,0 тыс. руб.

**Всего расходов 5300,0 тыс. руб.**

**Председатель Собрания депутатов**
**М. М. Ахмедов**

### ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## ОМВДялъ лъазабулеб буго

**2014 соналъул 29 августалда къватIибе бачIараб №736 МВД Россиялъул приказалда рекъон Гумбет ОМВДялда тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял (телефоналъ, факсалъ, интерпеталъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб) сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе.**

ГIарзаялъул халгьабизе чIезабураб заман буго (3 сордо-къо, 10 сордо-къо, 30 сордо-къо, захIмалъиялъухъ балагьун).

Живго гIарзачи вачIани, гьесухъе кьезе бихьизабун буго «талон- уведомление» абураб документ, жинда жаниб лъица къабул гьабураб, щиб номералда регистрация гьабураб, кида къабул гьабураб бихьизеги гьабун.

Нужер щибаб гIарзаялъул мухIканаб халгьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасил лъазабизеги тIадаб буго халгьабулев хIалтIухъанасда, тасамахIлъи биччачIого цо рахъалде цIайи гьабичIого.

Божилъиялъулал телефонал:

Дежурнияб часталъул телефон: 8 8 727 2-26-204, 8 928 958 08 71, 99-69-12.

Отделалъул нухмалъулесул: 8 8 272 26 330, 99-69-11.

Нухмалъулесул заместитель: 8 963 795-66-66, 99-69-13.

**С. И. МухIамадгIалиев,**
**ОМВДялъул нухмалъулев, жаниСеб хъулухъалъул подполковник**

БетIерав редактор
ХIамзат Пизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталал:
ПIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.